

## ABSTRAK SUNDA

**Putri Marlisa. 2024. Sarupaning Tangkal di Wewengkon Taman Wisata Alam Cimanggu, Jawa Barat. Skripsi. Jurusan Pendidikan Biologi. Fakultas Keguruan jeung Ilmu Pendidikan. Universitas Pasundan. Pembimbing : (I) Dr. Yusuf Ibrahim, M.Pd.,M.P. Pembimbing (II) Gurnita, S.Si.,M.P**

Tangkal nyaeta tutuwuhan anu boga kai badag, jangkung, jeung diameter batang utamana leuwih ti 20 cm. Tangkal teh gaduh tingkatan permudaan nyaeta Semai, Pancang, jeung Tihang. Tujuan panalungtikan pikeun mikanyaho jenis rupa-rupa tangkal nu aya di wengkon Taman Wisata Alam Cimanggu. Metode panalungtikan nyaeta Metode deskriptif jeung desain panalungtikan ngagunakeun Belt Transect ku petak kuadran ukuranna 20x20 meter pikeun tingkat pohon jeung 10x10 meter pikeun tingkat tiang, nyokot sampelna ngagunakeun tehnik *Purposive Sampling*. Hasil panalungtikan nuduhkeun yen tutuwuhan di Taman Wisata Alam diwangun ku 20 rupa jenis tangkal jeung 7 rupa jenis tihang. Indeks Nilai Penting pangluhurna nyaeta Puspa (*Schima wallichii*) kalawan nilai INP = 81,9%. Indeks Nilai Penting pangluhurna tingkat tiang nyaeta Ki Bancet (*Dalrympelea pomifera*) kalawan nilai INP = 63,7%. Indeks Shannon-Weiner dina tingkatan tangkal meunangkeun nilai  $H' = 2,3$  tina kategori karagaman nuduhkeun yen kaanekaragaman nu sedeng. Indeks Shannon-Weiner tingkatan tihang meunangkeun nilai  $H' = 1,76$  tina kategori karagaman nuduhkeun tingkat kaanekaragaman nu sedeng. Hasil panilitian tiasa diaanggo pikeun ngokolakeun eta wengkon Taman Wisata Alam Cimanggu.

***Kecap Konci : Kaanekaragaman, Tangkal, Tiang, Taman Wisata Alam Cimanggu***